


# BOURBOU

Mag

MAGAZIN POU TI MOHN  
MEN,  
GRAN MOHN KACHE POU YO LI L!



Tematik :  
**Sitwayen an**



# STAF

BOUBOU MAG LA

## Mèt magazin lan

**Lourdes Anna Chancy**  
**Penel Ralph Pierre**

## Chèt redaksyon

Jean Hugues Joseph

## Administrasyon

Sherby Chloé Voltaire  
Jean Freidrich Chancy

## Redaktè

APROFH

Penel Ralph Pierre  
Jean Hugues Joseph  
Nadège Estermine  
Marie Herlyne Joseph

## Korektè

Etienne Orémil  
Marie Herlyne Joseph

## Desen

Ralph Penel Pierre  
Réginald St Cyr  
Roc Lloyd's Alan  
Michel Clarens Souffrant  
Duckenson Celuque

## Grafis

W FREELANCER TEAM®  
Penel Ralph Pierre

## Tretman tèks

Immacula Jean Baptiste

- 3 **EDITO**
- 3 **PANSE MWA A**
- 4 **PEYI D AYITI, SENBÒL LI AK VALÈ L**
- 7 **YON SITWAYEN AYISYEN**
- 10 **RELYÈF PEYI D AYITI**
- 12 **KLIMA PEYI D AYITI**
- 14 **DWA M AK RESPONSABLITE M**
- 18 **DEVWA M YO**
- 22 **LIBÈTE PIBLIK**
- 24 **ENSTITISYON PIBLIK YO**
- 26 **DLO**
- 28 **TÈ A**
- 30 **FATRA YO**
- 32 **ZANNIMO YO**
- 36 **IJYÈN**
- 38 **ENSTRIKSYON, ESPÒ AK LWAZI**
- 40 **JESYON**
- 44 **PLOP**



# Sitwayen an



@ RALPH PENEL f t i

Nan liv sa a, gen leson pou jan pou nou konpòte nou pa rapò a peyi nou, anviwònman nou, ayisyen parèy nou, pwòp tèt nou, e latriye.

Liv la pale avèk anpil ilustrasyon, nan yon langaj timoun ka konprann akèl : lanmou pou peyi a, respè pou lanati, respè règ ijyèn, ki jan pou nou jere sa nou posede ak tout resous n ap sèvi chak jou.

Nou ka sèvi ak liv sa a nan klas kòm sipò pou kou edikasyon sivik, kou jewografi, kou ijyèn, elt... Li ka sèvi tou pou nenpòt kanpay sansibilizasyon sou sijè sa yo pou timoun ki pa gen chans frekante lekòl.

Boubou Mag sa a gen antou 18 leson. Chak leson genyen 5 pati. Jan nou ka wè lè nou gade leson yo, apwòch la baze sou obsèvasyon, aprantisaj, aplikasyon, ak fouye pi fon.

Nou ankouraje tout timoun ki gen chans jwenn nimewo espesyal sa a, li l avèk anpil atansyon e sitou reyalize tout aktivite yo pwopoze yo. Se kon sa n ap aprann sa nou dwe konnen pou nou vini yon bon sitwayen ayisyen.

Pou ou yon bon sitwayen ayisyen fòk ou renmen tè Ayiti, fòk ou pataje valè li yo, fòk ou pwoteje anviwònman an ak chak Ayisyen ou jwenn sou wout ou, fòk ou pwoteje pwòp sante w pou w ka itil tèt ou ak peyi w...

## Panse mwa a

« Timoun jodi, sitwayen demen »

# PEYI D AYITI, SENBÒL LI AK VALÈ LI



Timoun yo ap rive idantifye peyi yo apati senbòl li ak kèk valè l.



- 1- Pran yon ti tan, gade imaj la byen. Di tout sa ou wè ladan l.
- 2- Ki koulè ou jwenn plis nan imaj sa a ?
- 3- Ak ki sa koulè sa yo fè w panse ?
- 4- Di ki sa w konprann nan imaj la.

# PEYI D AYITI, SENBÒL LI AK VALÈ LI



Senbòl yon nasyon se drapo l ak im nasyonal li. Chak peyi gen drapo pa li ki pote koulè peyi a ak yon im nasyonal. Drapo ayisyen an gen koulè ble ak wouj epi yon kawo blanch nan mitan ki gen imaj yon pye palmis ak yon bonèt wouj sou tèt palmis lan yo rele « bonèt friyen ». Anba fèy palmis lan nou jwenn kèk zam tankou : fizi ak kanno zansèt nou yo te itilize nan gwo batay liberasyon, chenn esklav yo ki kase, epi kèk enstriman mizik tankou


klewon ak tanbou. Anba tout zam sa yo, yo ekri : « L'union fait la force », ki vle di : « Men anpil, chay pa lou ». Se nan inite ak tèt ansanm anpil ayisyen te goumen pou n rive gen bèl drapo sa a. Ansanm imaj sa yo ki nan kawo blanch lan rele amwari oubyen zam repiblik.

Drapo w se fyète w, li reprezante w tout kote ou pase, nan tout peyi ou ale. Ou dwe respekte l, defann li epi pote l byen wo.



- 1- Desinen drapo ayisyen an nan kaye w ak tout pati ki konpoze l yo epi kolorye l.
- 2- Chante im nasyonal ayisyen an.
- 3- Mete tout repons ki bon yo anndan kare mo kwaze sa a :

- a) Kisa drapo akim nasyonal reprezante nan yon nasyon ?
- an) Kòman yo rele kare blan ki nan mitan drapo ayisyen an ?
- b) Drapo a gen 2 koulè. Ki koulè nou jwenn anvan ? Ki koulè nou jwenn an dezyèm ?
- ch) Dapre tèks la, ki sa drapo w dwe reprezante pou ou ?
- d) Ki pye bwa nou jwenn nan kawo blanch ki nan drapo a ?



Rès la nan : paj 6

# PEYI D AYITI, SENBÒL LI AK VALÈ LI

4- Mete lèt nan chak fich yo nan lòd pou nou jwenn tout non zam repiblik yo ki nan drapo ayisyen an. Ekri chak sa w jwenn yo nan kaye w. Gwoup ki fini anvan an se li k genyen epi l ap li non zam repiblik yo pou tout klas la. (Egzèsis sa ap fèt an gwoup pou timoun yo jwenn mo yo, men, yo chak ap ekri mo yo jwenn nan nan kaye yo. Pwofesè a ap bay chak gwoup elèv kèk mo y ap gen pou dekoupe nan bristòl.)


EYP SIMLAP- IZIF- TÈNOB NEYJIRF- ONNAK- NNEHC- OUBNAT- NOWELK



Èske w konnen Lafrans gen menm deviz nasyonal ak Ayiti ki se : LIBÈTE, EGALITE, FRATÈNITE.

Im nasyonal ayisyen an rele : Desalinyèn. Se yon gwo ekriyen ayisyen ki rele Justin LHERISSON ki ekri l. Nicolas Geffrard te mete tèks la an mizik.

## Enstitisyon ki sipòte liv sa a





Ministè Edikasyon Nasyonal  
ak Fòmasyon Pwofesyonèl  
MENFP

# YON SITWAYEN AYISYEN



Timoun yo ap ka di ki lè yon moun se yon sitwayen ayisyen



- 1- Pran yon ti tan, gade premye imaj la byen. Di tout sa ou wè ladan l.
- 2- Di ki enpòtans chak pyès sa yo.
- 3- Pran yon ti tan, gade dezyèm imaj la byen. Di tout sa ou wè ladan l.
- 4- Ki koulè drapo ki nan dezyèm imaj la ?
- 5- Drapo ki peyi drapo sa ye ?
- 6- Ki sa prezans drapo sa vle di nan imaj la dapre ou menm ?

# YON SITWAYEN AYISYEN



Yon sitwayen yon peyi se yon moun ki pataje menm dwa ak menm enterè politik ak tout lòt moun k ap viv nan menm peyi avè l. Sa vle di, yo gen menm nasyonalite, menm drapo, menm kilti ak menm listwa. Gen 2 fason ou ka vin sitwayen Ayisyen : swa papa w oswa manman w se Ayisyen oubyen ou vin natiralize Ayisyen. Gen moun ki fèt nan yon peyi epi ki natiralize nan yon lòt peyi. Sa vle di moun sa yo vin chwazi yon lòt


nasyonalite. Yon Ayisyen menm jan ak yon etranje ka deside genyen yon lòt nasyonalite. Batistè, kat idantite ak paspò se yon seri pyès legal ki pèmèt yo idantifye ki moun ou ye ak ki nasyonalite w nan yon peyi.



**1- Chwazi pami tout repons sa yo, sa ki bon yo epi ekri yo nan kaye w. Yon sitwayen ayisyen se :**

- a) Yon moun k ap viv Ayiti sèlman
- an) Yon moun ki pa pale lòt lang ke kreyòl
- b) Yon moun k ap defann menm enterè ak tout lòt moun k ap viv nan peyi a
- ch) Yon moun ki fèt Ayiti epi ki natiralize
- d) Yon moun ki fèt Ayiti ki pa janm chanje nasyonalite


**2- Ekri nan tablo mo kwaze a tout non pyès legal yo ki pèmèt yo idantifye nasyonalite yon moun nan yon peyi.**





# YON SITWAYEN AYISYEN

3- Antoure tout desen ki montre timoun lan gen nasyonalite ayisyen.



4- Di nan twa liy, pou pi plis tout ki jan yon moun kapab vini sitwayen ayisyen.



Èske w konnen konstitisyon 1987 la pa dakò yon sitwayen ayisyen gen doub nasyonalite ?

Èske w konnen ki chanjman amannman sou konstitisyon 1987 la (nan ane 2012) vin pote sou kesyon doub nasyonalite sa a ?

Èske w konnen tou, yon Ayisyen ki te natirize nan peyi etranje kapab reprann nasyonalite ayisyen l si l vle ?

## KONSEY BOUBOU

Pyès idantite enpòtan anpil. Se pou w sere yo kote yo an sekirite.

# RELYÈF PEYI D AYITI



Aprè leson sa a, chak timoun dwe kapab rive idantifye ki sa ki karakterize richès natirèl peyi a pou yo pwoteje l.



- 1- Gade imaj sa a epi di ki sa w panse.
- 2- Gwoupe en 4 pou pataje lide sou :
  - ki jan mòn sa yo fè vin kon sa ?
  - ki konsekans sa gen sou peyi a ?
  - ki sa nou kapab fè pou n pwoteje mòn yo ?

# RELYÈF PEYI D AYITI



Ayiti se yon peyi ki chita nan basen Karayib la. Lè nou obsève peyizaj peyi a byen, nou ka remake tè a pa gen menm fòm tout kote. Se sa nou rele relyèf nan jewografi. Gen kote tè a ba tankou gen kote li pi wo, se sa ki fè nou kapab pale de mòn, lakòt, pant, rivaj, lanmè, plenn, falèz, plato, kolin, elt. Ayiti genyen yon relyèf ki varye anpil, epi chak eleman nan relyèf la ak dlo yo reprezante yon richès pou devlopman peyi a ak tout pitit li yo. Fòk nou pwoteje richès sa yo nan plante anpil pye bwa. Chak fwa nou koupe youn, fòk nou plante plizyè lòt.



1- Ranje lèt sa yo nan lòd pou yo bay mo nou jwenn nan anvwonman peyi d Ayiti.

NNELP – OTALP – NÒM – TNAP – NILOK.

2- Ekri yon powèm ki valorize relyèf peyi d Ayiti. Powèm sa a dwe gen 2 estwòf.

- Premye estwòf la ap pale sou mòn yo, rivaj yo ak lanmè a.
- Dezyèm estwòf la ap pale sou plenn yo, plato yo ak kolin yo.

3- Jwèt : nan yon wonn, chak moun ap di ki sa y ap fè pou pwoteje richès natirèl peyi nou an pandan n ap chante : « Peyi mwen gen anpil mòn. » ( yon chan gwoup Piti piti). Chak fwa yon moun fin pale, n ap reprann chante a jiskaske yon lòt moun pale.





Èske w konnen Ayiti gen plis mòn pase plenn ? Ayiti se yon mo endyen ki vle di tè ki gen anpil mòn. Mòn yo reprezante yon gwo richès pou nou. An n itilize yo pou avansman peyi a.

# KLIMA PEYI D AYITI



Aprè leson sa a, chak timoun dwe kapab idantifye karakteristik klima peyi d Ayiti.



- 1- Ki sa peyizan sa a ap fè anba lapli a ?
- 2- Ki diferans nou fè ant premye imaj la ak dezyèm imaj la ?
- 3- Ki sa sou premye imaj la ki pèmèt nou atire anpil Ayisyen ak etranje vin ladan l ?
- 4- Èske aktivite moun yo nan peyi a depann de tanperati a ?

# KLIMA PEYI D AYITI



Ayiti gen yon klima twopikal. Sa vle di li fè cho prèske tout ane a. Anpil peyi gen 4 sezon, ann Ayiti gen 2 : yon sezon lapli ak yon sezon sèk. Tanperati a kapab chanje selon sezon yo, rejyon yo ak wotè mòn yo. Plis ou nan plenn se plis li fè cho. Poutan plis ou ap pran mòn se plis li fè frèt. Pozisyon jewografik peyi d Ayiti fè li toujou gen risk siklòn ak tranbleman tè.



**1- Mete sa ki manke nan espas vid yo pou konplete fraz sa yo.**

- a) Pandan tout ane a li fè cho ann Ayiti. Se yon peyi \_\_\_\_\_
- an) Ann Ayiti gen 2 sezon, yon sezon sèk ak yon sezon \_\_\_\_\_
- b) Peyi a gen risk siklòn akòz \_\_\_\_\_
- ch) Tanperati a kapab chanje selon \_\_\_\_\_

**2- Gade desen sa yo. Di ki sa ou wè epi ki sa ou kapab fè pou pwoteje anviwonman kominote w la.**





Èske w konnen jounen jodi a, nan tout monn lan y ap pale sou chanjman klimatik ? Sa vle di atmosfè a ap chanje chak lane pi plis, epi fenomèn tankou siklòn ap vin pi grav. Nan pwoteje tèt nou, nan adopte bon konpòtman tankou pa jete fatra nan lari pou kay nou pa inonde akòz kanal ki bouche, nou ka redui fenomèn yo menm dirèkman depi nou polye atmosfè a mwens.

# DWA M AK RESPONSABLITE M



Timoun yo ap rive idantifye dwa yo genyen pou yo viv an sante ak responsablite pou yo pwoteje sante yo.



- 1- Gade imaj yo byen. Di ki imaj ki montre kèk dwa nou genyen.
- 2- Pami dwa yo, gen 2 ladan yo, moun ka plis bezwen pou rive jwi lòt yo. Kilès yo ye ?
- 3- Ki sa m ka fè pou m rete an sante ?

# DWA M AK RESPONSABLITE M



Tout timoun ki fèt, gen dwa. Pami dwa sa yo, nou ka site : lasante, ledikasyon, lwazi, idantite, e latrkiye. Dwa sa yo pèmèt timoun yo byen devlope epi viv byen. Se leta ak la fanmi ki dwe garanti dwa sa yo. Menm jan timoun yo gen dwa, yo gen devwa tou. Dwa pa mache san devwa.



1- M ap antoure tout imaj ki montre kèk dwa mwen jwi :



2- M ap fè yon kwa anndan chak kare ki montre konpòtman m dwe genyen pou pwoteje sante m

- |  |   |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Mwen lave men m anvan m manje | <input type="checkbox"/> Mwen jete fatra nan lari         |
| <input type="checkbox"/> Mwen krache atè               | <input type="checkbox"/> Lè m malad m pa vle al kay doktè |
| <input type="checkbox"/> Mwen kouvri manje m           | <input type="checkbox"/> Mwen toujou byen pwòp            |

3- Avèk imaj sa yo, m ap esplike ti zanmi ki bò kote m nan ki devwa li genyen lè li gen chans jwi dwa pou li manje.



AN N AL PI LWEN






Èske nou konnen se Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) ki garanti dwa sou lasante. Li la pou l kontwole tout sèvis piblik ak prive ki bay sèvis sante. Men, ou menm tou, ou dwe pratike tout prensip ijyèn paran w ak lekòl ba ou pou w rete an sante. Sitou **toujou sonje lave men nou**, pou evite mikwòb ki se yon pakèt ti bèt ki tèlman piti nou paka wè yo ak je, ki cache nan men ki pa lave. Mikwòb sa yo kapab pote anpil maladi, sitou nan bay lanmen epi nou mete men ki pa pwòp nan bouch nou.

# DWA M AK RESPONSABLITE M



Timoun yo ap rive idantifye dwa yo genyen pou resevwa bon ledikasyon ak dwa pou yo jwe.



- 1- Pami tout desen sa yo, chwazi youn ki reprezante sa ledikasyon ye nan lavi yon timoun.
- 2- Koman w ka esplike imaj ou chwazi a ?
- 3- Èske yon timoun ki lekòl gen dwa pou li jwe tou ?



# DWA M AK RESPONSABLITE M



Tout timoun nan tout peyi a gen dwa pou yo resevwa bon ledikasyon, kèlkeswa sèks li, kote li rete ak relijyon l. Dwa pou bon ledikasyon an vle di, timoun nan dwe gen pwofesè ki byen fòme, jwenn liv, kaye ak tout lòt fountiti lekòl. Tout dwa mache ak devwa. Timoun nan gen responsablite pou l etidye ak fè devwa l. Se sa k ap pèmèt li bay bon rezilta. Timoun nan dwe jwenn bon tretman nan respè kò l ak diyite l.



## 1- Ki sa nou panse sou fraz sa yo ?

- Li bon lè se ti fi sèlman ki al lekòl.
- Lè m sot lekòl, mwen gen dwa pou mwen jwe.
- Depi m konn leson m, m ka fè sa m vle.
- Mwen p ap pale ak ti fi sa a paske nou pa menm.

## 2- Antoure lèt devan fraz ki montre tolerans ak respè.

- a) M konprann sa w vle di a men...
- an) Fèmen bouch ou, egare!
- b) Mwen p ap pale ak ti fi sa a paske nou pa menm.
- ch) M pa dakò. Men pou ki sa...
- d) Wouch, ou pa bon menm.






Èske w konnen, se Ministè ledikasyon nasyonal ki garanti dwa pou tout timoun ale lekòl ? Fòk nou konnen tou, lekòl la pa yon kote ni pou joure ni pou maltrete elèv. Depi 10 septanm 2001, leta Ayisyen vote lwa ki entèdi chatiman kòporel sou tout timoun.

Li enpòtan pou n aprann sipòte youn lòt. Lide yo ka toujou diferan. Men, si gen tolerans, lide chak moun ka pote anpil chanjman pozitif nan kominote a.

# DEVWA MI YO



Aprè leson sa a, chak timoun dwe kapab rive idantifye devwa li genyen pou tèt li ak tout moun k ap viv bò kote l.



- 1- Di ki sa chak moun ap fè nan imaj yo.
- 2- Lè w in gade imaj yo byen, di ki devwa ki mache ak dwa sa yo.
- 3- Gade dezyèm imaj la byen. Ki sa nou konprann ladann ?



Devwa se yon obligasyon. Nou ka di tou, se yon responsablite ou genyen pou ede tèt ou ak tout moun k ap viv nan lantouraj ou. Dabò timoun nan dwe asire responsablite l nan tout dwa l ap jwi tankou sante, edikasyon, lwazi, pwoteksyon, e latriye. Li gen pou devwa pwoteje tèt li kont maladi nan aplike tout prensip ijyèn

yo. Se devwa l tou pou l aprann byen lekòl. Li gen pou devwa pou l pwoteje tèt li kont tout risk oubyen sitiyasyon ki ta sanble danjere. Nou gen devwa tou pou nou ede moun ki nan sitiyasyon difisil ou byen ki an danje, menm si yon moun pa fè sa l dwe fè (devwa l), li toujou gen dwa kanmenm.

**1- Ak lis sa, ranpli 2 kolòn yo ak mo oubyen fraz ki kòrèk selon tit chak kolòn. Pa bliye, dwa pa mache san devwa. Pou chak dwa w chwazi, mete bò kote l tout devwa ki mache avè l.**

Edikasyon - pwòpte kò m - lwazi - sante - etidye  
 leson m - jwe ak zanmi m - m lave men anvan mwen manje - respekte règ ak prensip lekòl mwen .

DWA	DEVWA
edikasyon	etidye



**2- Antoure bon konpòtman ki montre devwa w si w ta rankontre yon moun ki nan difikilte.**

- M ap kite l pou yo pa di se mwen k fè l sa.
- M ap kouri al chache yon granmoun ki ka ede l.
- M ap fè kòm si m pa wè paske se pa fanmi m.

**3- Chwazi yon timoun nan klas la. Di l sa devwa ye. Epi bay kèk egzanp devwa.**



Èske w konnen lalwa kondane tout moun ki pa pote sekou l bay yon lòt ki an danje ? Èske nou konnen tou, gen anpil timoun ki pa ale lekòl, ki pa ka jwe epi ki pa jwi dwa sou lasante ? Timoun ki nan lari, timoun ki pa gen paran k ap pran swen yo, timoun ki rete ak yon moun, pa jwi dwa sa yo. se leta ak la fanmi ki dwe garanti dwa. Kon sa, nou ka rekonnèt timoun sa yo premyeman an danje paske sosyete a pa t fè devwa l pwoteje yo. Fè devwa w lè dwa w yo respekte.



# DEVWA W



Aprè leson sa a, chak timoun dwe kapab idantifye ki kote ak ki jan li dwe ranpli devwa l nan kominote a.



- 1- Gade imaj yo. Di ki kote moun sa yo ye nan chak desen.
- 2- Esplike ki sa chak desen vle montre.
- 3- Èske gen imaj ki montre yon move konpòtman ? Si wi, idantifye l.
- 4- Si w jwenn move konpòtman, ki konsèy ou ka bay ?



Yon moun pa janm twò piti pou fè sa ki bon nan kominote kote l ap viv tankou lakay li, nan katye li, nan lari a, nan peyi a. Tout timoun konsène nan tout sa k ap pase nan kominote l. Paske se ladann l ap viv. Kay ou se kote w dòmi leve avèk fanmi w chak jou. Li enpòtan pou w patisipe nan tout aktivite k ap fèt ladann mezi fòs ou.

Lè w nan lekòl ou, ou ka patisipe nan pwojè k ap reyalize pou netwaye, oubyen dekore. Lè w nan katye lakay ou, ou pa dwe deranje vwazen ak pil tapaj epi gwo mizik. Chèche yon fason pou w itil nan katye a tankou : plante flè, fè pwòpte, pentire mi, dekore lè sezon fèt, e latriye. Nou p ap bliye tou, lari a se salon pèp la. Yo pa konn jete fatra, ni pipi nan salon. Lari a sipoze rete pwòp.



\_\_\_\_\_ Jan fè komite klas la achte yon poubèl pou mete nan klas la.

\_\_\_\_\_ Sabrina mete yon mizik men wotè devan pòt lakay li pou l amize l ak zanmi l.

\_\_\_\_\_ Robèto pa patisipe nan aktivite k ap fèt nan ekip la.

\_\_\_\_\_ Belinda fin bwè yon boutèy dlo, li mete bidon an nan valiz li pou l jete nan poubèl.

**1- Nan fraz sa yo, ekri WI devan konpòtman tout timoun ki montre yo respekte devwa yo nan kominote kote y ap viv la.**

**2- Imajine yo mete w nan komite klas la. Yon lòt klas envite w vin bay kèk konsèy pou fè timoun yo rive pran konsyans sou devwa yo genyen. Ki konsèy w ap bay ?**




Pa bliye devwa nou se yon responsablite nou genyen pou tèt nou, kominote a ak peyi a. Nou tout konsène, piti kou gran. Chak aksyon n ap poze dwe pote yon chanjman pozitif pou amelyore egzistans nou.

# LIBÈTE PIBLIK



Aprè leson sa a, chak elèv dwe idantifye kèk libète moun genyen pou aji nan yon peyi.



- 1- Gade imaj sa yo byen. Di tout sa w wè ?
- 2- Ki sa chak desen sa yo vle di ?
- 3- Si w gen yonlide sou sa libète ye, esplike ki sa l ta vle di pou moun ki nan chak imaj yo.
- 4- Apati tout esplikasyon nou sot bay la yo, ki jan nou kapab defini libète ?



Libète piblik se tout dwa sitwayen yon peyi dwe genyen. Li kapab endividyèl tankou tou li kapab kolektif. Libète endividyèl la se tout dwa pèsònèl yon moun genyen pou l viv nan peyi l tankou : dwa pou l deplase san pwoblèm, dwa pou yo pa arete l san rezon, ni arete l nenpòt ki lè, dwa pou l pase devan yon jij, dwa pou li di sa l panse, dwa

pou l chwazi relijyon l, dwa pou l travay, elt. Libète kolekti la se tout libète nou kapab benefisye an gwoup tankou : libète pou nou reyini nan asosyasyon, libète pou nou manifeste, libète pou n pratike relijyon nou vle, e latriye.



**1- Antoure lèt ki montre dwa endividyèl yo, fè yon etwal akote dwa kolektif yo.**

- a) Pale di sa nou panse.
- an) Reyini nan katye nou pou fè kominote nou pi bèl.

- b) Ale legliz kote nou vle san deranje lòt moun.
- ch) Fè asosyasyon pou reflechi sou pwoblèm peyi a.
- d) Reklame yon avoka lè yo arete w.

**2- Monte yon pyès teyat pou sansiblize elèv nan klas la sou libète chak moun genyen nan yon sosyete.**

**3- Fè yon wonn sou tout mo ki pa mache ak libète.**

Endepandans – esklavaj – kontantman – restavèk – viv lib – prizonye – kidnapè – alèz – travay – rasanbleman – tolerans.



Èske w konnen nan deklarasyon inivèsèl dwa moun, ki siyen depi mwa dawou 1789, se twa prensip ki regle koze dwa a sou latè. Prensip sa yo se: Libète, legalite ak egalite. Pa gen yon lwa pou chak moun. Kèlkeswa koulè w ak kouch sosyal ou, se yon sèl lwa ki genyen pou tout moun. Nan peyi d Ayiti nou jwenn tout libète sa yo nan konstitisyon pèp la te vote nan lane 1987 la.

# ENSTITISYON PIBLIK YO



Aprè leson sa a, chak elèv ap kapab rive idantifye enstitisyon piblik yo.




**AN N  
GADE**


**PALÈ NASYONAL**  
Biwo Prezidan Repiblik la




**PRIMATI**  
Biwo Premye minis la



**KEP**  
Kosèy Elektoral Pwovizwa



**MINISTÈ KOMINIKASYON**  
Biwo Minis kominikasyon an



**AN N  
REFLECHI**

- 1- Pran tan w pou gade tout imaj yo. Ki sa ou wè ki ekri sou yo ?
- 2- Di tout sa w konnen sou enstitisyon sa yo.
- 3- Ekri non kèk lòt ministè ou konnen.



# ENSTITISYON PIBLIK YO



Ann Ayiti, nou gen divès kalte enstitisyon nan sektè piblik la. Nou ka regwoupe yo nan twa kategori : administrasyon santral, enstitisyon otonòm ak enstitisyon endepandan. Administrasyon santral la gen ladann : prezidans la ak gouvènman an ki gen je louvri sou tout ministè yo. Dezyèm kategori a se enstitisyon otonòm yo ki bay popilasyon an sèvis nan domèn administratif, kiltirèl, komèsyal, endistriyèl elt. Se Ministè Ekonomi ak Finans ki jere yo. Nou ka site kèk egzanp tankou AAN ki vle di an fransè «Autorité Aéroportuaire Nationale», KONATEL ki se «Konsèy Nasyonal Telekomunikasyon», Bank leta yo, e latriye. Twazyèm kategori a se enstitisyon endepandan yo. Yo pa gen ankenn ministè sou tèt yo. Nou ka site kèk tankou : KEP (Konsèy Elektoral Pèmanan), Kou siperyè kont ak kontansye administratif.



## 1- Antoure fraz ou wè ki pi byen defini enstitisyon piblik

- a) Se ministè yo sèlman
- an) Se enstitisyon ki pwodwi byen oubyen sèvis nan enterè popilasyon an ak peyi a.

## 2- Relye avèk yon flèch, chak enstitisyon a bon kategori a.

### ENSTITISYON

- a) KEP
- an) AAN
- b) Ministè ledikasyon
- ch) Kou siperyè kont

### KATEGORI

- 1) Enstitisyon otonòm
- 2) Enstitisyon endepandan
- 3) Enstitisyon santral

## 3- Klas la ap fè yon ti pwojè kote yo pral mete sou pye yon gouvènman eskolè (elèv yo pral jwe wòl Premye minis, minis yo, e latriye) sou modèl nou sot etidye la.


- a) Gouvènman sa a dwe gen twa kategori enstitisyon yo.
- an) Gouvènman sa a pral kreye kèk komite ki anndan chak enstitisyon.
- b) Y ap bay ki wòl chak komite sa yo genyen pou amelyore sèvis yo nan popilasyon an.



Èske w konnen pou tout teritwa peyi a gen sis enstitisyon piblik ki endepandan. Enstitisyon sa yo se : 1) Konsèy Elektoral Pwovizwa ki la pou reyalize eleksyon lib ak demokratik. 2) Kou Siperyè kont ak Kontansye Administratif ki la pou kontwole resèt ak depans antrepriz leta yo. 3) Komisyon Konsilyasyon Nasyonal pou met antant ant pouvwa egzekitif ak lejislatif la. 4) Ofis Pwoteksyon Sitwayen, ki la pou pwoteje nou kont abi. 5) Inivèsite Leta Ayiti, k ap kowòdone ansèyman siperyè piblik ak prive sou teritwa a. 6) Akademi Kreyòl Ayisyen an ki la pou ede nan devlopman itilizasyon lang kreyòl la.



**Timoun yo ap kapab esplike enpòtans dlo ak divès fason yo kapab itilize l.**



1- Byen gade tou lè 3 imaj yo youn apre lòt. Lè nou fin diskite antre nou, yon manm nan chak gwoup ap kanpe pou di tout sa yo wè nan chak imaj yo.

2- Diskite antre nou. Ki enpòtans dlo gen nan lavi ? Dènye moun nan ekip la ki pa ko pale a ap reponn kesyon an selon sa gwoup la di.



Dlo gen anpil valè, paske dlo se lavi. San dlo, moun, bèt ak plant pa t ap ka viv. Dlo nou jwenn sou tè a soti nan rivyè, flèv, lak, letan, sous, lanmè, e latriye. Nou jwenn li tou nan lè a sou fòm nyaj ki bay lapli, lawouze ak vapè. Pifò dlo soti nan lanmè. Dlo, se yon resous natirèl, li se yon eleman kle nan anviwònman nou.

Nou sèvi ak dlo anpil. Nou itilize dlo pou n bwè, pou n prepare lòt bwason, kwit manje, lave veso, netwaye kay, benyen, lave fwi ak legim. Nou bouyi l pou n bwè epi bay ti bebe. Men, yo pa itilize dlo nan sèvis kay sèlman. Yo itilize l tou nan agrikilti : pou wouze tè a, fè l pwodwi pou bay manje ak nan endistri kote dlo fè anpil lòt sèvis. Se nan gwo mouvman dlo ap fè nan baraj (kote yo bare dlo rivyè) fòs dlo desann nan santral idwolik ki fè enèji sinetik (anpil mouvman) ki alimante tibin (motè k ap vire) ki pèmèt transfòmasyon konvèti fòs dlo a an enèji n ap itilize tout tan ki se kouran elektrik.



1- Gen twa fason yo defini dlo nan tèks la. Yo di dlo se lavi. Bay lòt 2 definisyon yo.

2- Apre sèvis kay, nan ki lòt domèn nou ka itilize dlo ankò ?

3- Mete nou an gwoup pou n ekri yon ti pwezi sou enpòtans ak itilite dlo genyen. Chak gwoup ap li tèks yo a epi pwofesè a ap seleksyone kèk pou ekri sou mi klas la.

**N.B : Sonje fè bèl desen oubyen met bèl foto pou dekore afich sa yo. Se yon egzèsis k ap met an valè konpetans ak abilite timoun lan epi k ap pèmèt yo chanje klima sal klas yo a tou.**




Èske w konnen pou diminye ris epi amelyore aksè a dlo trete nan monn lan, asanble jeneral Nasyon Zini chwazi yon jounen entènasyonal pou fete dlo ? Chak 22 mas yo selebre jounen entènasyonal dlo.

# TÈ A



**Timoun yo ap rive esplike enpòtans tè a kòm anviwònman kote y ap viv epi enterè yo genyen pou pwoteje l.**



- 1- Gade imaj la byen, di tout sa w wè ladan l.
- 2- Di ki sa chak eleman w site nan imaj la reprezante selon ou menm.
- 3- Ki sa imaj sa a vle di dapre ou menm ?



Tè a se espas kote nou abite. Se ladann nou jwenn tout sa nou gen bezwen pou n viv tankou dlo, manje ak lè n ap respire a. Nou dwe respekte tè a, pran swen l epi pwoteje l. Pa koupe pye bwa yo, pa jete fatra nan lari ni boule yo, pa gaspiye dlo ki enpòtan epi nou gen bezwen chak jou a, pa boule kawoutchou nan lari a (*nou ka fè pase revandikasyon nou lòt fason, tankou : manifeste san vyolans, fè tande vwa nou nan medya, e latriye*). Move pratik sa yo polye lè a epi fè nou respire mal. Chalè, sant gaz machin, lafimen k ap sot nan izin, bidon plastik ki bouche twou egou yo lè lapli tonbe, ak dlo sal ki fè yon sèl ak tiyo dlo yo, tout sa yo se pwazon pou lè a ak dlo n ap bwè a. Pou n pwoteje tè a, se pou n plante anpil pye bwa. Kon sa, n ap ka jwenn bon lè pou n respire ak bon dlo pou nou sèvi.

# TÈ A



1- An n retounen nan « Sa nou dwe konnen an ». Esplike fraz ki di : « Move pratik sa yo polye lè a »

2- Nan lis sa a, nou gen bezwen tout bon aksyon ou kapab fè pou w pwoteje anviwònman w. Bare tout sa ki pa Kòrèk yo epi ranplase yo pa lòt ki bon :

- Jete tout fatra w yo nan poubèl-----
- Boule bwa pou w fè chabon-----
- Plante pye bwa nan peyia-----
- Jete dlo sal tout kote w jwenn -----
- Achte chabon pou w kwit manje w-----
- Fè pipi ak bezwen w tout kote w jwenn-----
- Diminye sou kantite enèji k ap itilize chak jou yo-----
- Kenbe lari a pwòp-----

3- Ekri nan 3 liy pou pi piti yon ti tèks pou n di enpòtans tè a ak bon rezon nou genyen pou n pwoteje l.

**N.B :** Si tèks yo byen ekri, pwofesè a ap seleksyone kèk ladan yo, timoun yo ap ekri yo ankò sou yon moso papye blan. Apre sa, y ap dekore yon bristòl ak kèk desen oubyen foto ki gen rapò ak tèm leson an epi y ap kole tèks yo sou li. Ann apre, y ap afiche bristòl la nan klas la. Egzèsis sa a ap pèmèt nou mete, non sèlman panse timoun yo an valè, men tou, y ap rive chanje klima klas la nan yon travay tèt ansanm.



Èske w konnen jounen jodi a gen gwo malè ki bandye sou planèt n ap viv la ki se tè a ? Fason nou itilize enèji ak detwi forè nou yo nan koupe pye bwa, met dife pa si pa la rive anvayi atmosfè a ak yon kalte gaz yo rele GES ("Gaz à Effet de Serre"). Gaz sa yo responsab pou chanjman klimatik paske yo pa pèmèt chalè sòti.

# FATRA YO



Aprè leson sa a, chak timoun ap kapab idantifye tip fatra yo ak kalte dega fatra koze lè yo pa jere l.



- 1- Pran tan w, gade desen yo byen, di tout sa w wè.
- 2- Antoure tout desen ou wè ki ka al nan poubèl la.
- 3- Pou ki sa se sa yo ou mete nan poubèl la ?
- 4- Ki sa fatra vle di pou ou ?
- 5- Èske nou dwe jete fatra nenpòt kote nou jwenn ? Pou ki sa ?

# FATRA YO



Tout sa w fin itilize e ki bon pou ou jete se fatra. Gen diferan tip fatra : fatra menajè, òganik ak antrepriz endistriyèl yo. Nou jwenn fatra sou diferan fòm : rès manje nou fin manje, po viv yo, dlo nou fin sèvi : tankou lave veso, lave rad ak benyen, gaz motè machin ap degaje ak lafimen dife... Fatra fè moun malad, li touye moun

... Fòk nou jere fatra paske li ka atire mouch ak ravèt. Dlo sal nan bout mamit ka kale marengwen, ki pral vole tou patou epi pike nou pou ban nou malarya, zika, lafyèv deng, e latriye. An n desitire fatra. Kenbe kwen kay nou pwòp, katye nou ak lekòl nou. Nou pa dwe jete fatra nan lari, nan ravin, ni atè. Fatra dwe al nan sachè epi jete nan poubèl. Apre sa, lè kamyon an pase pran fatra a, yo pral triye fatra yo, gen sa ki pral resikle, sèvi angrè oswa enèji.



			M							A
		G		N						
				B		L				P
										Z

## 1- Ekri repons ki bon yo nan tablo mo kwaze a :

- a) Apre w fin li tèks la, bay twa kalite fatra ou kenbe.
- an) Bay ki sèl kote nou dwe jete fatra.
- b) Ki maladi nou ka pran lè nou pa jere dlo sal nou yo ?

## 2- Fè monitè w ede w rekonèt 3 kalite fatra.





Èske w konnen fatra konn itil ? Yo itilize fatra nan agrikilti pou fè angrè ak fimye, pou pèmèt plant yo grandi vit. Gen fatra ki ka resikle tankou bagay ki fèt ak plastik yo ak vè ak papey oubyen katon, e latriye.

# ZANNIMO YO



Aprè leson sa a, chak elèv dwe kapab distenge divès kalite bèt ki gen nan peyi a, enpòtans bèt yo dwe genyen ak enterè pou yo pwoteje yo.



- 1- Gade premye tablo a byen, èske w abitye wè tout bèt sa yo deja ? Si wi, di ki kote.
- 2- Èske w konn non tout bèt sa yo ki nan premye tablo a ? Di non tout sa w konnen yo.
- 3- Gade dezyèm tablo a, èske tout bèt sa yo ap viv ann Ayiti ? Si wi, kolorye tout. Si repons lan se non, fè yon kwa sou tout sa ki p ap viv Ayiti yo.





## Zannimo lakay

Peyi m gen anpil zannimo  
Zannimo domestik yo viv nan kay,  
zannimo sovaj yo viv nan bwa  
Genyen ki viv nan lanmè, lòt ki viv nan dlo dous  
Peyi m gen anpil zannimo



Peyi m gen anpil bèl zwazo  
ki gen plim tout koulè

k ap chante, k ap vole tout jounen  
Yo al repoze lannuit  
Peyi m gen anpil zannimo

Peyi m gen divès kalite zannimo  
Zannimo yo pa jwenn lòt kote  
Zannimo yo jwenn tou lòt kote  
Gen zannimo lòt kote, yo p ap jwenn nan peyi m  
Peyi m gen anpil zannimo

Pye bwa, moun ak bèt  
Nou tout fè yon sèl nan yon menm peyi  
Pou tout zannimo nou yo, yon jou pa disparèt  
Fò nou pa koupe pye bwa, fò n pa polye lè a  
Fò n pwoteje tèt nou, bèt yo ak lanati  
Peyi n gen anpil zannimo

I- Avèk yon flèch,  
jwenn bèt sa yo ak  
espas kote yo ka viv :



- a) Koulèv
- an) Kayiman
- b) Kana
- ch) Toutrèl
- d) Malfini
- e) Kabrit

- è) Chat
- en) Bèf
- f) Poul
- g) Pwason
- h) Chwal
- i) Papiyon






Rès la nan : paj 34

# ZANNIMO YO

## 2- Fè yon kwa sou lèt ki montre aksyon an pa bon

- a) Abitan nan mòn yo, ak manchèt nan men yo, tonbe koupe pye bwa pou yo fè chabon.
- an) Moun yo antre nan forè a, yo vle detwi mezi se koulèv ki genyen.
- b) Nou p ap kouri dèyè bèl ti zwazo nou yo ak wòch, ak fistibal nan men nou ankò.
- ch) Bèt sa yo twò mechan, se pou n detwi yo nan zòn lan.
- d) Kalin kontan lè l aprann yo ka pa janm wè yon kayiman nan peyi sa a ankò.

## 3- Mete youn oubyen de fraz nan chak kaz yo pou ekri ti istwa a, epi bay yon konsèy nan senkyèm kaz lan ki ale ak istwa a. Li tèks ou a pou ti zanmi w yo nan klas la.



5

4- Mete nou an gwoup 5. Chak gwoup ap ekri pou pi piti 3 bagay yo panse fè pou pwoteje tout espès zannimo k ap viv nan peyi yo a.


**N.B :** Pwofesè a ap seleksyone repons ki pi bon yo, timoun yo ap dekore yon bristòl ak bèl koulè, ak desen oubyen foto zannimo epi y ap kole tèks yo sou bristòl la pou afiche l nan sal klas la. (Se yon egzèsis pou aprann met an valè panse timoun yo, se yon inisyativ tou pou chanje aparans sal klas la).



touris ? Anviwònman kote n ap viv la se pou bèt yo li ye tou ; an n pa chase yo, an n pa detwi yo nan koupe pye bwa, nan jere anviwònman an mal. Zannimo yo gen enpòtans yo bò kote nou ; an n pwoteje yo.

Bèt sa a n ap gade sou foto a rele « nen long » akòz nen l ki men longè. Se yon bèt yo te konn jwenn Ayiti sèlman. Jounen jodi a nou pa jwenn espès bèt sa a nan peyi nou an ankò paske espès la detwi nan koupe pye bwa nan rak kote l t ap viv la. Gen anpil lòt espès bèt ki disparèt ankò nan peyi nou an, tankou lamanten ki viv nan lanmè ak kayiman ki viv nan lak.

Èske w konnen bèt sa yo te ka pèmèt ekonomi peyi nou avanse anpil, nan atire Ayisyen ak



# IJYÈN



Aprè leson sa a, chak timoun dwe kapab respekte prensip ijyèn pou yo pwoteje tèt yo ak lòt moun ki nan antouraj yo kont mikwòb.



## AN N REFLECHI



- 1- Pran tan w pou byen obsève 4 tablo yo.
- 2- Ki kote timoun sa yo soti dapre ou menm ?
- 3- Di ki sa ou wè 2 timoun yo ap fè nan dezyèm tablo a.
- 4- Ki jan w wè 2 timoun yo nan twazyèm tablo a ?
- 5- Pou ki sa ti gason an nan pozisyon sa dapre ou menm ?
- 6- Ki sa w wè nan katyèm tablo a ?
- 7- Pou ki sa ti gason an oblije fè menm jès ak ti fi a dapre ou menm?



Ijyèn se tout bon pratik yon moun oubyen yon gwoup moun dwe obsève pou l kapab viv an sante. Ou respekte prensip ijyèn yo, se lè w kenbe kò w ak tout antouraj ou pwòp. Tout moun dwe : benyen chak jou, bwose dan yo chak fwa yo fin manje. Lave men yo chak fwa yo soti nan

twalèt, anvan yo manje epi chak fwa yo soti epi yo rantre lakay yo. Bon ijyèn se kenbe kay ou ak kote w ap travay toujou pwòp.



## I - Fè yon kwa sou tout konpòtman ki pa bon.

- Premye bagay Naya fè lè li leve chak maten, se benyen ak bwose dan l.
- Anvan Naya manje, li toujou lave men
- Banban manje tout mango yo san l pa lave yo.
- Banban pa twò renmen pwòpte kò l.

## 2- Ranje mo sa yo pou yo bay fraz ki gen sans.

- Rigòl lakay pwòpte bò genyen malarya nou anpeche pou.
- Pwopaje salte epidemi vit kote pi gen ki plis.
- Anvan men ou twalèt lave manje soti lè nan ak ou.
- Si bale tout moun konn te kay devan pwòp a lari yo pwòp devan t ap.

## 3- Ekri yon ti tèks sou angajman pou w di ki sa w pral fè pou w respekte prensip ijyèn ak ki sa w ap fè pou moun nan katye w ka respekte yo tou.






Dapre prensip ijyèn yo, yon moun dwe bwose dan l chak fwa li fin manje, lematen sitou ak leswa anvan li kouche. Moun dwe benyen chak jou pou rete an sante. Nou dwe kwit manje nou nan bon kondisyon pou nou pa atrape maladi moun pran nan manje ki pa byen trete. Nou dwe rete nan yon anviwònman ki pwòp pou sante kominote n ap viv la.

# ENSTRIKSYON, ESPÒ AK LWAZI



Aprè leson sa a, chak elèv ap ka rive idantifye divès aktivite ki rantre nan devlopman li.



1- Gade imaj la byen. Esplike ki sa timoun yo ap fè sou chak desen.

2- Di nou kòman jounen w konn pase. Ki aktivite w konn fè ?

3- Ak lis ou sot fè a, fè twa kolòn :

- Yon kolòn k ap gen ladan l tout sa ki konsène sa ou konn fè pou ou enstwi tèt ou.
- Yon kolòn k ap gen tout aktivite ou konn fè pou fè kò w fè mouvman.
- Yon kolòn ki gen tout aktivite ou konn fè pou amize w ak zanmi w oubyen pou kont ou.



Gen twa bagay ki nesèsè pou moun reyisi nan tout dimansyon li. Sa vle di nan sèvo, nan kò ak nan lespri. Si youn manke, ekilib la p ap fèt. Pou yon moun rive itil tèt li ak fanmi l, li bezwen resevwa moso pen lenstriksyon. Sa k ap pèmèt li travay oubyen kreye aktivite pèsònèl li. Pou rete djanm, li enpòtan anpil pou moun nan fè espò. Li pèmèt nou chase anpil maladi epi kenbe kò a ann ekilib. Nan lekòl tankou

lakay ou, gen anpil espò nou ka pratike, tankou : natasyon, dans, karate, foutbòl, baskèt, kous, egzèsis fizik. elt. Twazyèm aktivite ou pa ta imajine se lwazi. Li nesèsè pou yon moun rezève lè nan jounen an pou l distrè l. Pou w rive bay tèt ou yon distraksyon, ou ka chwazi swa sòti ak fanmi w, zanmi w, patisipe nan joune rekreyatif nan lekòl ou, tande mizik, jwe, al nan festival, konsè, lanmè, sinema, fè lekti.


# ENSTRIKSYON, ESPÒ AK LWAZI

**AN N MET  
AN  
PRATIK**



- 1- Mete pye recho ki manke a ak non ki reprezante l pou fè ekilib yon moun.
- 2- Gade byen egzanp ki nan chak lis, konplete yo rive nan 5.

Enstriksyon	Espò	Lwazi
M etidye leson m	M al kouri chak maten	M ale nan plaj souvan



ENSTRIKSYON

LWAZI

- 3- Bati plan jounen demen an, ekri tout aktivite ou pral fè depi w leve jouk ou pral kouche. Pa bliye mete tou lè twa aspè ki pèmèt yon moun devlope.

**AN N AL  
PI LWEN**






Èske w konnen li enpòtan pou chak timoun rive pratike tou lè twa aktivite nou sot re lechi sou yo la a, swa nan lekòl yo oubyen lakay yo ? Sa k fè w yon moun total kapital se konesans, yon kò ki djanm epi kè kontan. Ki donk, enstriksyon, espò ak lwazi setwa wòch dife ki pèmèt nou byen devlope nan lespri nou, kò nou nan lajwa. Chèche patisipe nan aktivite k ap fèt nan lekòl nou ak katye nou pou ekilib la ka byen fèt, tankou patisipe nan konkou jeni, dans, karate, champyona, tout kalte jwèt, e latriye.

# JESYON



Aprè leson sa a, chak elèv dwe konnen ki jan pou yo jere resous ki pou sèvi kominote a.



- 1- Esplike ki sa nou wè sou chak imaj yo ?
- 2- Èske manje fasil pou tout moun jwenn nan peyi a ?
- 3- Ki sa dlo reprezante pou nou, ki sa nou kapab fè avèk li ?
- 4- Lè pa gen kouran ki pwoblèm nou genyen ?
- 5- Pou ki sa nou pa dwe gaspiye manje, dlo ak kouran ?





Manje ak dlo se 2 eleman ki enpòtan anpil pou kò moun. Byen manje pèmèt moun rete an sante, se sa ki fè tout moun ta dwe gen posiblite pou manje 3 gwoup aliman yo 3 fwa pa jou. Men, malerezman se pa tout moun ki jwenn chans jwi dwa sa a nan monn lan. Pou sa, nou pa dwe gaspiye manje nou genyen, sa pèmèt nou fè plis ekonomi, an plis sa ede nou jere kantite fatra nou konn fè.

Dlo a li menm, li prezan nan prèske tout sa nou gen pou nou fè. Nou sèvi avèk li pou kwit manje, lave, pwòpte kò nou, pou wouze jaden, elt. Se pou sa li enpòtan anpil pou n pa kite l koule san rezon. Yon twazyèm eleman ki enpòtan pou n jere se kouran (enèji elektrik). Si nou jere kouran EDH ban nou an se sa ki ka fè nou gen plis kouran. Nou bezwen l pou n etidye, pou n gade televizyon, pou n kapab gen sekirite nan peyi nou ak nan katye nou.



**2- Ekri yon ti tèks ki gen 5 fraz pou di, nan pwòp mo pa w, enpòtans ki genyen pou n pa gaspiye manje, dlo ak kouran.**

### **1- Konplete fraz sa yo pou yo genyen sans**


- a) Pou yon moun rete ansante fòk li.....
- an) Plis nou gaspiye manje, se plis nou.....
- b) Nou sèvi ak dlo pou nou .....
- ch) Plis nou gaspiye kouran EDH ban nou an, se plis.....



Èske w te konnen pou w rete an sante kò a bezwen 3 gwoup aliman sa yo : aliman enèjetik, aliman konstriktè ak aliman pwotektè. Èske w konnen tou, dapre lasyans, moun dwe bwè youn rive 2 lit dlo pa jou pou kò l ka byen fonksyone epi rete ann ekilib. Plis gen bakawout nan yon peyi se plis gen ensekirite epi peyi a manke devlope. An nou sispann gaspiye manje, dlo ak kouran pou plis ka disponib pou lòt moun. Apre sa, se yon kesyon asire moun sa yo ka jwenn li.



Aprè leson sa a, chak elèv dwe konnen ki jan pou yo pwoteje tout byen yo ak byen kominote a.



- 1- Ki sa ki ka fè nou di katye sa a bèl ?
- 2- Aprè katye nou ak tou sa ki ladann, ki lòt richès nou genyen nan kominote nou ankò ?
- 3- Ki jan nou kapab pwoteje materyèl nou sèvi nan lekòl nou ?
- 4- Pou ki sa nou dwe kenbe katye nou pwòp ?
- 5- Ki sa yon moun k ap fè manifestasyon pasifik ka pote pou kominote a ?



Lakay se lakay,  
Peyi m se pa m,  
Katye m se vizaj mwen,  
Se mwen ki pou pwoteje yo.

Liv mwen se trezò  
Mwen p ap chire l  
Menm lè yo banm lò  
M pito tounen gadò  
Mwen p ap jete fatra nan lari  
Mwen p ap detwi lavi

Mikwòb nui avni  
Mwen vle konsève lavi

An nou pwoteje patrimwàn  
nou, se richès nou.

An nou pwoteje peyi nou  
lavi nou ak katye nou  
pou demen ka pi bèl.


## AN N MET AN PRATIK



1- Fè yon kwa sou imaj ki eslike bon konpòtman an.

2- Fini ti istwa sa a pou w montre ki jan li enpòtan pou n pa jete fatra nan lari epi ki sa nou kapab fè ak yon seri sachè oubyen bwat lè n fin sèvi ak yo.

Se istwa yon ti pitit ki toujou nan lari ak yon ti sak nan men l. Pèsonn pa janm konnen ki sa ki nan ti sak la, nan tout lari tout timoun ap nwi l. Y ap rele l : ti sak, ti sak... San moun yo pa t janm konnen, nan ti sak sa a te genyen yon gwo trezò...






## AN N AL PI LWEN



Anpil fatra nou fè nan peyi a kapab sèvi pou fè anpil bagay. Gen kèk lekòl, yo itilize bouchon « boutèy plastik » pou aprann timoun yo konte. Anpil moun sèvi ak sachè chiko pou fè valiz. Gen anpil lòt bagay ankò yo kapab fè ak fatra pou anpeche peyi a sal epi jwenn lòt mwayen pou fè kòb san nou pa deranje pèsonn.



**RALPH PENEL**



DEPO LEGAL : 11-050164 • BOUBOU MAG



**BOUBOU**